

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa téh kacida pentingna pikeun manusa dina kahirupan sapopoéna, nya éta salaku pakakas komunikasi. Ku cara ngagunakeun basa, manusa bisa nepikeun kahayang, ngébréhkeun pikiran jeung rasa, sarta rupa-rupa pamaksudan lianna, boh dina wangun lisan boh dina wangun tulisan. Éta hal téh luyu jeung pamadegan Salmun (1958:7), yén basa téh mangrupa parabot anu pangutama-utamana dina hirup kumbuh pikeun ngedalkeun pikiran jeung rasa anu ébréhna babakuna ku lisan jeung tulisan.

Nurutkeun Sudaryat (2005:13–15), basa lisan téh nya éta ragam basa anu maké pakakas lisan atawa médium sora, ilaharna pohara gumantungna kana situasi, waktu, lingkungan, katut jalma anu diajak nyarita; sedengkeun basa tulisan mah nya éta ragam basa anu maké pakakas aksara, sarta sipatna leuwih abadi.

Kiwari, basa tulisan dina basa Sunda téh beuki mekar waé, luyu jeung mekarna kahirupan sosial budaya katut kamekaran élmu pangaweruh jeung téhnologi modéren. Dina basa tulisan, éjahan mangrupa unsur anu kacida pentingna, sabab lamun hiji tulisan (karangan) teu merenah éjahanana, tangtuna bisa ngabalukarkeun anu maca salah tafsir kana éta tulisan (karangan). Salasahiji bukti yén lamun hiji tulisan teu bener tur teu merenah éjahanana bakal ngabalukarkeun salah tafsir ti nu macana, nya éta bisa dicontoan ku kalimah *jalma*

paéh diléngkahan ucing hirup. Kalimah *jalma paéh diléngkahan ucing hirup* bisa ngabogaan sababaraha harti, nya éta: (1) aya hiji jalma anu paéh, tuluy diléngkahan ku ucing anu hirup; (2) aya jalma anu paéh hirup deui, lantaran diléngkahan ku ucing; jeung (3) aya jalma anu paéh lantaran di léngkahan, jeung aya ucing anu hirup. Anu ngabalukarkeun lobana harti tina éta kalimah téh, nya éta teu dipakéna tanda baca dina éta kalimah, jeung salah dina nyusun kalimahna.

Patali jeung hal di luhur, tangtuna masarakat – hususna anu resep nulis – kudu apal kana palanggeran éjahan basa Sunda anu bener.

Dipatalikeun kana prosés diajar-ngajar, basa téh kacida diperlukeunana pikeun komunikasi antara guru jeung muridna. Sagala matéri pangajaran anu ditepikeun ku guru ka muridna téh tangtuna ngagunakeun basa, boh lisan boh tulisan.

Basa Sunda mangrupa salasahiji mata pelajaran anu kudu diajarkeun di sakola-sakola anu aya di Jawa Barat, ti mimiti TK/RA nepi ka SMA/SMK/MA. Dina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP), pangajaran basa Sunda téh kudu bisa ningkatkeun kamampuh siswa dina opat kaparigelan basa, nya éta kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Ngaregepkeun jeung maca kaasup kana kaparigelan basa anu réseptif, sedengkeun nyarita jeung nulis kaasup kana kaparigelan basa anu produktif.

Dina pangajaran nulis – kaasup dina nulis pedaran – siswa kudu nulis luyu jeung éjahan basa Sunda anu bener, tapi dumasar kana panalungtikan-panalungtikan anu geus dilaksanakeun, singhoréng masih kénéh loba siswa anu salah dina ngalarapkeun éjahan basa Sunda.

Panalungtikan kasalahan éjahan basa Sunda anu geus dilaksanakeun téh, di antarana nya éta: (1) “Kasalahan Éjahan dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII SMP Negeri I Cibeber Kabupatén Cianjur Taun Ajar 2004/2005” (Rahayu, 2006), (2) “Kasalahan Éjahan dina Karangan Arguméntasi Murid Kelas III SMA Pasundan I Bandung Taun Ajar 2005/2006” (Setiawan, 2006), jeung (3) “Analisis Kasalahan Éjahan dina Nulis Karangan Éksposisi Siswa Kelas VIII SMP Negeri 1 Ciwidéy Kabupatén Bandung” (Pujaningrat, 2009).

Panalungtikan-panalungtikan anu geus dilaksanakeun téh karék nepi kana nataan kasalahan-kasalahan éjahan dina karangan siswa, anu satuluyna dikelompokkeun dumasar kana jenis kasalahanana.

Lobana kasalahan ngalarapkeun éjahan anu dilakukeun ku parasiswa téh bisa dibalukarkeun ku sababaraha hal, di antarana: bahan ajar anu masih kénéh kurang, média pangajaran anu can bisa dimangpaatkeun sacara maksimal, modél pangajaranna teu cocok jeung matéri anu diajarkeun, kurangna motivasi siswa, jeung kurang maksimalna guru dina nepikeun pangajaran. Dina ieu panalungtikan mah anu rék ditalungtik téh nya éta modél pangajaran anu éféktif pikeun ningkatkeun kamampuh ngalarapkeun éjahan basa Sunda, hususna dina nulis pedaran siswa kelas IX.

Can aya panalungtikan anu husus nalungtik modél pangajaran anu éféktif pikeun ningkatkeun kamampuh ngalarapkeun éjahan basa Sunda, hususna dina nulis pedaran siswa kelas IX mah. Padahal lamun kasalahan éjahan anu dilakukeun ku siswa kelas IX téh diantep waé, bisa jadi ngabalukarkeun kasalahan éjahan anu hésé dioméan, lantaran geus jadi kabiasaan. Dina ieu panalungtikan,

panalungtik ngagunakeun modél *group investigation* (anu satuluyna disebut invéstigasi kelompok) pikeun ningkatkeun kampuh ngalarapkeun éjahan basa Sunda dina nulis pedaran siswa kelas IXB SMP Sekolah Laboratorium-Percontohan UPI taun ajaran 2010/2011.

Modél invéstigasi kelompok téh mimitina diwanohkeun ku Herbert Thelen, anu satuluyna dimekarkeun ku Sharan dina taun 1992. Dipilihna modél invéstigasi kelompok dina ieu panalungtikan téh, lantaran ieu modél téh ngabogaan tilu konsép utama, nya éta panalungtikan, pangaweruh, jeung dinamika diajar kelompok. Ngaliwatan kagiatan diajar-ngajar dumasar kana éta tilu konsép, parasiswa bisa manggihan tur ngoméan kasalahan éjahan anu aya dina hiji karangan, anu satuluyna parasiswa bisa ngalarapkeun éjahan anu bener dina nulis hiji karangan.

Dumasar kana hal-hal di luhur, panalungtik ngarasa perlu ngayakeun panalungtikan anu judulna “Éféktivitas Modél Invéstigasi Kelompok (*Group Investigation*) pikeun Ningkatkeun Kamampuh Ngalarapkeun Éjahan dina Nulis Pedaran (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IXB SMP Sekolah Laboratorium-Percontohan UPI Taun Ajaran 2010/2011)”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Lobana kasalahan ngalarapkeun éjahan anu dilakukeun ku parasiswa téh bisa dibalukarkeun ku sababaraha hal, di antarana: bahan ajar anu masih kénéh kurang, média pangajaran anu can bisa dimangpaatkeun sacara maksimal, modél

pangajaranna teu cocok jeung matéri anu diajarkeun, kurangna motivasi siswa, jeung kurang maksimalna guru dina nepikeun pangajaran.

Sangkan ieu panalungtikan téh teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan téh baris diwatesanan. Anu ditalungtik téh nya éta éféktivitas modél invéstigasi kelompok pikeun ningkatkeun kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis pedaran siswa kelas IXB SMP Sekolah Laboratorium-Percontohan UPI taun ajaran 2010/2011.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, masalah dina ieu panalungtikan téh baris dirumuskeun dina wangun pertanyaan saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis pedaran siswa kelas IXB SMP Sekolah Laboratorium-Percontohan UPI taun ajaran 2010/2011 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél invéstigasi kelompok?
- 2) Kumaha béda anu *signifikan* antara kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis pedaran siswa kelas IXB SMP Sekolah Laboratorium-Percontohan UPI taun ajaran 2010/2011 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél invéstigasi kelompok?
- 3) Kumaha éféktivitas modél invéstigasi kelompok pikeun ningkatkeun kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis pedaran siswa kelas IXB SMP Sekolah Laboratorium-Percontohan UPI taun ajaran 2010/2011?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh miboga tujuan nguji éféktivitas modél invéstigasi kelompok pikeun ningkatkeun kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis pedaran siswa kelas IXB SMP Sekolah Laboratorium-Percontohan UPI taun ajaran 2010/2011.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis pedaran siswa kelas IXB SMP Sekolah Laboratorium-Percontohan UPI taun ajaran 2010/2011 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél invéstigasi kelompok;
- 2) béda anu *signifikan* antara kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis pedaran siswa kelas IXB SMP Sekolah Laboratorium-Percontohan UPI taun ajaran 2010/2011 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél invéstigasi kelompok; jeung
- 3) éféktivitas modél invéstigasi kelompok pikeun ningkatkeun kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis pedaran siswa kelas IXB SMP Sekolah Laboratorium-Percontohan UPI taun ajaran 2010/2011.

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Manfaat tioritis tina ieu panalungtikan téh nya éta bisa méré pangdeudeul pikeun kamekaran tiori dina widang pendidikan, hususna dina hal modél pangajaran anu éféktif pikeun ningkatkeun kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis pedaran.

1.4.2 Manfaat Praktis

Manfaat praktis tina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) panalungtik bisa mikanyaho kaéféktifan modél invéstigasi kelompok pikeun ningkatkeun kamampuh siswa dina ngalarapkeun éjahan dina nulis pedaran;
- 2) dipiharep bisa ningkatkeun kualitas pangajaran Basa jeung Sastra Sunda, hususna pikeun ningkatkeun kamampuh siswa dina ngalarapkeun éjahan dina nulis pedaran;
- 3) bisa digunakeun ku guru pikeun ngajarkeun nulis atawa ngarang, hususna pikeun ningkatkeun kamampuh siswa dina ngalarapkeun éjahan basa Sunda; jeung
- 4) bisa nambahan pangalaman siswa dina pangajaran nulis, sarta bisa leuwih apal kana éjahan basa Sunda tur bisa ngalarapkeunana dina nulis karangan.

1.5 Wangenan Istilah

Aya sawatara istilah dina judul anu perlu diécéskeun saperti ieu di handap.

- 1) Éféktivitas dina ieu panalungtikan téh nya éta pangaruh modél invéstigasi kelompok anu dipiharep bisa ningkatkeun kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis pedaran siswa kelas IXB SMP Sekolah Laboratorium-Percontohan UPI taun ajaran 2010/2011.
- 2) Modél invéstigasi kelompok mangrupa modél pangajaran anu ngabogaan tilu konsép utama, nya éta panalungtikan, pangaweruh, jeung dinamika diajar kelompok. Unggal kelompok ngadiskusikeun tur ngalakukeun invéstigasi kana matéri atawa pancén ti guru. Unggal kelompok meunang matéri atawa pancén anu béda-béda.
- 3) Éjahan nya éta aturan atawa palanggeran nuliskeun lambang-lambang sora basa ku aksara anu ngawengku makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, jeung maké tanda baca (Prawirasumantri, 2007:30).
- 4) Nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun hiji basa anu dicangkem ku hiji jalma kana kertas ngagunakeun alat parantina (pulpén, patlot, jeung salian ti éta), nepi ka jalma lian bisa maca éta lambang-lambang grafik lamun maranéhna ngarti kana basa jeung éta gambaran grafik.
- 5) Pedaran (éksposisi) nya éta wacana anu eusina ngajéntrékeun, méré informasi atawa fakta-fakta, sarta medar hiji objék, prosésna, tujuanana, jeung gunana.

1.6 Raraga Tulisan

Eusi ieu skripsi téh aya lima bab. Dina Bab I dipedar kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, jeung raraga tulisan. Dina Bab II dipedar modél pangajaran invéstigasi kelompok, éjahan dina nulis pedaran, jeung hipotésis. Dina Bab III dipedar Desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, wangenan oprasional, alat ngumpulkeun data, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data. Dina Bab IV dipedar éféktivitas modél invéstigasi kelompok pikeun ningkatkeun kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis pedaran, jeung nguji hipotésis anu dirumuskeun dina Bab II. Panungtung nya éta Bab V anu eusina kacindekan jeung rékoméndasi.

